



Vaksen kont COVID-19 yo san danje epi yo efikas

SONJE: COVID-19 grav anpil epi li ka koze gwo konplikasyon medikal ak lanmò.



Vaksen an pwoteje ou.

Li ranfòse defans natirèl sistèm iminitè ou kont viris la. Si w ekspeze ak COVID-19 la apre ou fin pran vaksen an konplètman, sistèm iminitè w konnen kijan pou l konbat li.



Vaksen an pwoteje lòt moun.

Tank plis pran vaksen, viris la gen mwens chans pou l gaye. Sa vle di to enfeksyon an pral diminye epi pandemi an pral fini! Lè w pran vaksen, w ap pwoteje kominote w.



Tout vaksen Etazini apwouve yo san danje epi yo efikas anpil pou fè prevansyon kont COVID-19.

Si w se youn nan kèk grenn moun ki pran COVID apre w fin pran vaksen, ris pou gen yon maladi grav oswa lanmò pratikman egal ak zewo. Plis pase 100 000 moun volontè pou yo nan etid ki montre vaksen yo san danje.



Ak kisa w dwe atann:

- Nan jou vaksen an, w ap ranpli yon familè DOH sou entènèt ki ateste elijiblite w.
- Ou pa dwe pran medikaman doulè avan, men ou ka pran l apre si w santi doulè.
- W ap mete mas pandan w ap pran vaksen an.
- W ap resevwa yon piki nan bra ou. Ou kapab chwazi nan ki bra.
- Apre w fin pran vaksen an, y ap swiv ou pandan omwen 15 minit pou nenpòt efè segondè.
- Si ou pran Pfizer oswa vaksen Moderna a, w ap retounen nan 3 a 4 semèn pou yon dezyèm dòz. Si ou pran vaksen Johnson and Johnson lan, w ap pran sèlman yon sèl piki.
- Yo konsidere w vaksinen konplètman de semèn apre dènye dòz ou a.

Efè Segondè

Etid yo pa jwenn okenn efè segondè pou vaksen an. Anpil moun pa genyen okenn efè segondè. Kèk moun ka genyen reyaksyon lejè tankou:

- Bra fè mal oswa bra anfle
- Lafyèw oswa frison
- Fatig
- Tèt fè mal

Reyaksyon sa yo **PA** vle di ou gen COVID-19. Yo se sij ki di sistèm iminitè ou ap prepare kò w pou l konbat ak kowonaviris. Efè segondè sa yo disparèt jeneralman nan 24 a 72 èdtan.

Èske m ka pran vaksen si...

M ap pran medikaman, ki enkli sikotwopik ak medikaman pou konsomasyon dwòg?	✓ Wi
M gen kondisyon konkòmitan oswa kondisyon ki gen yon ris wo ?*	✓ Wi
Mwen se yon granmoun aje ?*	✓ Wi
Mwen pa gen alèji ki lye ak vaksen (egz. medikaman nan bouch oswa anviwònmanal) ?*	✓ Wi
Mwen te gen COVID-19 anvan, m te gen COVID-19 ant de dòz mwen yo, oswa m gen COVID-19 kounye a?	✓ Wi <i>Sepandan, si w gen COVID-19, tann ou soti nan peryòd izòlman an anvan w al nan yon klinik.</i>
Mwen se yon minè?	<i>Vaksen Pfizer a apwouve pou moun ki gen 16 lane e plis.</i>
Mwen te gen deja yon reyaksyon alèjik avèk yon vaksen oswa yon medikaman enjektab mwen te pran nan pase?	<i>Pale ak doktè ou anvan ou pran vaksen.</i>
Mwen ansent* oswa m ap bay tete?	<i>Pale ak doktè ou anvan ou pran vaksen.</i>
Mwen ap pran medikaman (san preskripsyon)?	✓ Wi

*Ou gen yon pi gwo ris konplikasyon ki lye ak COVID-19, kidonk y ap priyoreze w pou vaksen an.

Èske w elijib pou pran vaksen an?

Vizite <https://am-i-eligible.covid19vaccine.health.ny.gov/>

Si w ap resevwa sèvis nan men OASAS, OMH oswa OPWDD epi ou bezwen èd avèk pwosesis la, vizite <https://redcap.link/olov-eligible>

Oswa rele: 1-833-NYS-4-VAX (1-833-697-4829)